STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 25 avril 2014

AVÈTISMAN SANTE–AVÈK EPIDEMI LAWOUJÓL KI ATENN PI GWO NIVO REKÓ PANDAN PLIZYÈ ANE, GOUVÈNÈ CUOMO VLE FÈ NOUYÓKÈ YO SONJE ENPÓTANS POU PRAN VAKSEN

Avèk kantite moun yo anrejistre ki gen lawoujòl pou premye kat mwa nan ane 2014 nan pi wo nivo depi 1996, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Depatman Sante Eta jodia te alète Nouyòkè yo sou enpòtans pou yo pran vaksen pou yo pwoteje kont maladi danjere.

“Lawoujòl grav, maladi ki kontajye anpil ke ou pa sèlman jwenn lakay jèn timoun yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pandan ke anpil Nouyòkè te pwobableman deja resevwa vaksen lawoujòl, avèk kantite epidemi ak yon nivo elve ke yo te anrejistre depi plizyè ane Eta ap pran opòtinite pou ankouraje Nouyòkè yo pou yo verifye avèk founisè swen sante pou asire ke yo menm ak tout manm fanmi yo ajou avèk vaksinasyon.”

Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi (CDC) rapòte ke lawoujòl te enfekte 129 moun nan 13 eta nan 2014, pi wo nivo nan premye kat mwa nan ane a depi 1996; 29 nan enfeksyon sa yo te nan New York. Nan 2013, yon epidemi 58 ka nan Vil New York se te pi gwo epidemi lawoujòl lokalize te deklare nan Etazini depi 1996.

Enfòmasyon sou Lawoujòl

Lawoujòl sitèlman kontajye si yon moun genyen l, 90 pousan moun ki pwòch avèk moun sa ki pa vaksinen pral vin enfekete avèk viris lawoujòl li pwopaje pa kontak avèk sekresyon nan nen oswa nan gòj yon moun ki afekte. Ou ka afekte pa viris lawoujòl ki sispann nan lè a pou inèdtan oswa plis apre moun ki enfekte a fin kite sal la. Konplikasyon ki pi komen nan lawoujòl se dyare, nemoni, ak enfeksyon zòrèy, men li ka egalman koze domaj nan sèvo ak raman lanmò. Li patikilyèman danjere pou moun avèk imino-sipresyon, fi ansent ak timoun pitit.

Sentòm lawoujòl parèt jeneralman nan 10 a 12 jou, men li ka rive osi ta ke 18 jou apre ekspozisyon an. Sentòm yo jeneralman parèt nan de etap:

• Nan premye etap la, sa ki dire de a kat jou, moun ka genyen yon nen kap koule, grip ak yon ti lafyèv. Zye yo ka vin wouj epi sansib a limye pandan ke lafyèv la gradyèlman ap monte chak jou, pafwa monte nan nivo 103° a 105° F. Ti tach blan ki antoure nan yon zòn wouj ka egalman parèt nan jansiv ak andedan nan machwè yo.

• Dezyèm etap la kòmanse nan twazyèm a setyèm jou, e li gen ladan yon ti gratèl wouj ki dire senk a sis jou. Gratèl la jeneralman kòmanse sou vizaj e apresa li pwopaje anba ak deyò, atenn men ak pye. Gratèl la disparèt nan menm lòt ke li te parèt, ki soti nan tèt a ekstremite. Byenke lawoujòl jeneralman konsidere kòm yon maladi timoun, ou ka genyen l a nenpòt laj.

Sèl meyè fason pou prevni lawoujòl se pou pran vaksen. Pifò Nouyòkè yo ki te vaksine men si yo pa sèten, yo dwe verifye avèk founisè swen sante yo. Moun yo ta dwe resevwa 2 dòz vaksen Lawoujòl, Malmouton, ak ribeyòl (MMR) dwe pwoteje. Yo ta dwe bay premye dòz la nan laj 12-15 mwa e yo bay dezyèm dòz la regilyèman nan laj 4 a 6 ane, men li dwe bay osi vit ke 28 jou apre premye dòz la. Nenpòt moun ki gen nenpòt laj ki pa pran vaksen pou lawoujòl, e ki pa gen kondisyon ki ta entèdi pou l resevwa vaksen an, ta dwe resevwa 2 dòz vaksen MMR omwen 28 jou apa.

Moun yo pa gen risk pou atrape lawoujòl si yo vaksinen. Yon moun konsidere iminize si li resevwa de dòz vaksen MMR, oswa si li te fèt anvan 1ye Janvye 1957, oswa gen yon istwa lawoujòl laboratwa konfime, oswa gen yon tès san ki konfime iminite lawoujòl. Nenpòt nan sa ki anwo a konfere iminite.

Li egalman enpòtan pou note ke vwayajè yo ta dwe ajou nan vaksinasyon yo; depi janvye 2014 te genyen 34 ka lawoujòl ki te rapòte nan Etazini pami vwayajè nan peyi etranje.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl nan:
http://www.health.ny.gov/diseases/communicable/measles/fact_sheet.htm.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sekirite ak enpòtans vaksen an nan:
http://www.health.ny.gov/prevention/immunization/vaccine_safety.

###